Kuzvarwa kwaJesu

Akazvara dangwe rake, mwanakomana.
RUKA 2:7

Kuzvarwa kwaJesu

RUKA 2:1-20

Mumazuva iwayo Kesari Ogasito akapa chirevo
chokuti vagari vose venyika dzose dzaitongwa
neRoma vavarengwe. 3Uye mumwe nomumwe
akaenda kugutа rake kuti andonyoresa.
4Saka Josefawo akakwira achibva kugutа
reNazareta muGarirea achienda kuJudhea,
kuBhetereherema gutа raDhavhidhi nokuti akanga
ari weimba yaDhavhidhi nowokudzi rwake.
5Akaenda ikoko kundonyoresa naMaria,
waakanga atsidzira kuzowanana naye uye
akanga ava napamuviri. 6Vachiri ikoko, nguva
yokuzvarwa kwomwana yakasvika, 7akazvara
dangwe rake, mwanakomana. Akamupfiira
nemicheka akamuisa muchidyiro chezvipfuwo,
nokuti muimba yavaeni makanga musisina
nzvimbo yavo.
8Uye kwakanga kuna vafudzi vakanga vachigara
kumafuro aiva pedyo naikoko, vachichengeta
makwai avo usiku. 9Mutumwa waShe
akazviratidza kwavari, uye kubwinya kwaJehovha
kwakavakomba, uye vakatya kwazvo.

10Asi mutumwa akati kwavari, "Musatya. Ndauya nenhau
dzakanaka dzomufaro mukuru uchava wavanhu vose.
11Nhasi mugutа raDhavhidhi mazvarwa Muponesi; ndiye
Kristu Ishe. 12Ichi ndicho chichava chiratidzo kwamuri:
Muchawana mwana akapfiirwa nemicheka uye avete
muchidyiro chezvipfuwo."
13Pakarepo hondo huru yokudenga yakaonekwa pamwe
chete nomutumwa vachirumbidza Mwari vachiti: 14"Mwari
ngaarumbidzwe kumusoro soro, uye rugare panyika
nokuvanhu vaanofarira."

15Vatumwa vakati vabva kwavari uye vaenda kudenga,
vafudzi vakataurirana vachiti, "Handei kuBhetereherema
tindoona chinhu chaitika ichi, chataudzwa nezvacho
naShe."
16Saka vakakurumidza kusimuka vakaenda
vakandowana Maria naJosefa, nomwana, akanga
avete muchidyiro chezvipfuwo. 17Vakati vamuona,
vakaparadzira shoko maererano nezvakanga zvataurwa
pamusoro pomwana uyu, 18uye vose vakazvinzwa
vakashamiswa nezvavakataurirwa navafudzi. 19Asi Maria
akachengeta zvinhu zvose izvi akazvifungisisa mumwoyo
make.

40-06 The Birth of Jesus

www.GodsPeopleCare.org
Bible Verses are Shona

Akazvara dangwe rake, mwanakomana.
RUKA 2:7